



Pou Piblikasyon Imedya: 09/10/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## DEKLARASYON GOUVÈNÈ CUOMO SOU GRAFITI ANTI SEMITIS NAN MERRICK AK NAN HOFSTRA UNIVERSITY

Gouvènè Andrew M. Cuomo te pibliye jodi a deklarasyon sa apre rapò sou grafiti anti Semitis yo te mete sou pwopriyete prive Merrick, Long Island lan ak nan de okazyon nan Hofstra University:

"Mwen konstène epi degoute pou aprann zak lahèn sa yo nan Merrick ak nan Hofstra University. Kominote Jwif la fè pati fanmi New York la, e eta nou an gen zewo tolerans pou anti Semitis. Mwen vle asire pwopriyete kay yo ke pwopriyete yo te domaje yo ak kominote Hofstra a ke n ap fè tout sa ki nan pouvwa nou pou mennen otè yo lajistis, se poutèt sa m ap dirije Fòs Entèvansyon kont Krim Lahèn nou an pou ede lapolis nan investigasyon yo nan ensidan sa yo. Kounye a plis ke jamè - nan mitan pi move kriz sante piblik syèk la - nou bezwen ini epi montre sipò nou youn pou lòt, epi sonje ke lanmou toujou venk lahèn."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)